

VAKSEN KONT MENENGOKÒK POU PRE-ADOLESAN AK ADOLESAN YO

Vaksen Menengokòk yo ede pwoteje kont bakteri ki lakòz maladi menengokòk yo. Vaksen Menengokòk yo se pi bon mwayen pou pwoteje adolesan yo kont maladi menengokòk yo


De kalite maladi ki pi kouran yo se enfeksyon nan:



Pawa sèvo a ak mwal epinyè (menenjit)



Sikilasyon San



Menm ak tretman, anviwon **10** a **15** moun sou **100** ki malad akòz menengokòk pral mouri.

- ✓ Tout **adolesan** ta dwe pran **2 dòz** vaksen menengokòk konjige ACWY (MenACWY).
- ✓ Yo ta dwe pran **premye** dòz la nan laj **11-12** zan epi **yon dòz** rapèl nan laj **16** zan.

DÒZ **1**

Laj 11-12

anvan li antre nan Klas 7èm ane

DÒZ **2**

16 Zan

anvan li antre nan Klas 12yèm ane

- Yo **rekòmande** 2 dòz vaksen **MenACWY** pou enskri/rantre lekòl.
 - Yo **rekòmande** 2 dòz vaksen **MenB** aprè laj 16 zan.



SAN DANJE



EFIKAS



DIRAB

Tanpri pale ak founisè swen sante timoun ou an jodi a sou vaksen kont maladi menengokòk yo.

<https://www.vdh.virginia.gov/immunization/requirements/>